# Joqarı oqıw orınlarına kiriw test sınaqları baslanatuǵın sáne anıq boldı

Image not found or type unknown

Ózbekstan Respublikası bilimlendiriw mákemelerine oqıwǵa qabıllaw boyınsha Mámleketlik komissiyası májilisiniń 2-sanlı protokolı tastıyıqlandı. Bul haqqında Mámleketlik test orayı xabar berdi.

Usı tiykarda pandemiya sharayatındaǵı epidemiologiyalıq jaǵdaydan kelip shıǵıp, 2021-2022-oqıw jılı qabıllawında joqarı oqıw orınlarına kiriw test sınaqları 2021-jıl 5-avgusttan baslanadı jáne test sınaqları ashıq stadion hám qıyabanlarda ótkeriledi.

Test sınaqları qaǵıyda tárizinde, kúnine eki smenada ótkeriledi hám 1-smena 07:00 de, 2-smenada 19:00 de baslanadı.

Kiriw test sınaqlarına ulıwma 3 saat waqıt ajıratıladı.

Barlıq test tapsırıwshılar ushın májbúriy bolǵan 3 pán boyınsha:

Ana tili (ózbek, rus yamasa qaraqalpaq tili) páninen 10 soraw berilip, hár biri ushın 2,1 balldan – maksimal 21 ball;

Matematika páninen 10 soraw berilip, hár biri ushın 2,1 balldan – maksimal 21 ball;

Ózbekstan tariyxı páninen 10 soraw berilip, hár biri ushın 2,1 balldan – maksimal 21 ball beriledi.

Májbúriy pánlerden ulıwma toplaw múmkin bolǵan ball – 63 ball.

Bakalavriat tálim baǵdarına sáykes bolǵan 2 pán boyınsha:

1-pán ushın 20 soraw, hár biri ushın 3,15 balldan – maksimal 63 ball;

2-pán ushın 20 soraw, hár biri ushın 3,15 balldan – maksimal 63 ball beriledi.

Bakalavriat tálim baǵdarına sáykes bolǵan 2 pán boyınsha toplaw múmkin bolǵan maksimal ball – 126 balldı quraydı.

Ulıwma alǵanda, 2021-2022-oqıw jılı qabıllawında abiturientlerge 5 pán boyınsha ulıwma 70 test sorawı beriledi. Bunda toplaw múmkin bolǵan maksimal ball – 189 balldı quraydı.

Qaraqalpaqstan xabar agentligi.